



Pou Piblikasyon Imedya: 21/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE
TRETMAN POU PASYAN EKSTÈN ELEKTIF YO KAPAB REPRANN NAN KONTE
AK NAN LOPITAL YO SAN RISK OGMANTASYON SINIFIKATIF COVID-19 LA K'AP
KÒMANSE SEMÈN PWOCHÈN**

Li anonse Eta pral pran yon apwòch rejyonal pou reouvri

*Gouvènè a pral rankontre avèk prezidan Trump nan Mezon Blanch lan jodi a pou
diskite sou tès yo*

*Li konfime 4,178 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan
tout Eta a rive 251,690; gen nouvo ka nan 41 Konte*

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke tretman pou pasyan ekstèn elektif yo kapab reprann nan konte yo ak nan lopital yo san risk ogmantasyon sinifikatif COVID-19 la akoutèm. Lopital yo pral kapab rekòmanse fè tretman pou pasyan ekstèn elektif yo nan dat 28 avril 2020 si kapasite lopital la depase 25 pousan pou konte a epi si gen mwens pase 10 nouvo pasyan ki entène lopital pou COVID-19 nan konte a nan 10 dènye jou yo. Si yon lopital sitiye nan yon konte ki kalifye pou repran tretman pou pasyan ekstèn elektif yo, men lopital sa a gen yon kapasite ki anba 25 pousan oswa te gen plis pase 10 nouvo pasyan ki entène lopital la nan 10 dènye jou yo, lopital sa a pa kalifye pou rekòmanse operasyon elektif yo. Si yon konte oswa yon lopital ki te rekòmanse operasyon elektif fè eksperyans ak yon diminisyon kapasite lopital ki anba 25 pousan oswa yon ogmantasyon 10 oswa plis nouvo pasyan ki entène lopital la ak COVID-19 la, yo dwe sispann operasyon elektif yo. Anplis, pasyan yo dwe teste negatif pou COVID-19 la anvan nenpòt tretman pou pasyan ekstèn elektif yo. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a pral bay konsèy sou fason pou rekòmanse operasyon elektif yo.

Restriksyon sou operasyon elektif yo pral rete anplas nan Konte Bronx, Queens, Rockland, Nassau, Clinton, Yates, Westchester, Albany, Richmond, Schuyler, Kings, Suffolk, New York, Dutchess, Sullivan, Ulster, Erie, Orange ak Rensselaer kòm eta a ap kontinye kontwòle to nouvo enfeksyon COVID-19 yo nan rejyon an.

Gouvènè Cuomo te anonse tou eta a pral pran yon apwòch rejyonal pou reouvri epi li pral pran desizyon sou ki konte ak rejyon pou yo ouvri ak ki lè pou yo ouvri yo ki baze sou reyalyte yo ak done espesifik nan zòn sa a. Gouvènè Adjwen Kathy Hochul pral kowòdone estrateji sante piblik ak reouvèti nan Rejyon Lwès New York, ak ansyen Gouvènè Adjwen Robert Duffy pral sèvi volontèman kòm konseye espesyal pou kowòdone estrateji sante piblik ak reouvèti nan Finger Lakes.

Gouvènè a te anonse tou ke li pral rankontre avèk prezidan Trump nan Mezon Blanch lan jodi a pou diskite sou tès yo.

"Kòm New York kontinye aplani koub nouvo enfeksyon COVID-19 la, kounye a nou pare pou leve restriksyon yo sou operasyon elektif nan rejyon kote kapasite lopital ak to nouvo enfeksyon yo pa prezante yon risk ogmantasyon siyifikatif nan nouvo ka pozitif yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Li esansyèl pou nou kontinye sipòte lopital ak travayè swen sante nan tout rejyon yo pou asire yo gen alafwa kapasite ak pwovizyon pou trete pasyan COVID yo paske sa pa vle ke nou defye viris sa a."

Finalman, Gouvènè a te konfime 4,178 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 251,690 ka konfime nan Eta New York. Nan total 251,690 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	704	17
Allegany	30	0
Broome	205	6
Cattaraugus	35	1
Cayuga	36	0
Chautauqua	25	0
Chemung	75	2
Chenango	79	1
Clinton	51	0
Columbia	113	2
Cortland	25	0
Delaware	49	0
Dutchess	2,331	47
Erie	2,147	38
Essex	21	1
Franklin	13	0
Fulton	27	0
Genesee	121	2
Greene	87	1
Hamilton	3	0
Herkimer	50	1
Jefferson	54	0
Lewis	9	0
Livingston	39	0
Madison	106	0
Monroe	1,070	16

Montgomery	37	2
Nassau	31,079	402
Niagara	260	5
NYC	139,325	2,519
Oneida	284	5
Onondaga	514	5
Ontario	72	1
Orange	6,561	79
Orleans	53	7
Oswego	49	1
Otsego	49	0
Putnam	605	6
Rensselaer	183	6
Rockland	9,568	111
Saratoga	257	3
Schenectady	273	4
Schoharie	20	0
Schuyler	7	0
Seneca	18	0
St. Lawrence	120	10
Steuben	170	3
Suffolk	28,154	492
Sullivan	555	11
Tioga	37	0
Tompkins	119	0
Ulster	893	16
Warren	102	1
Washington	68	3
Wayne	51	1
Westchester	24,656	350
Wyoming	36	0
Yates	10	0

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)